

Enfòmasyon Konsènan Vaksen COVID-19

ct.gov/covidvaccine



Kilès ki fè vaksen an?

Pou kounye a, genyen de (2) vaksen yo otorize epi ki rekòmande pou anpeche COVID-19: **Pfizer-BioNTech** avèk **Moderna**

Toulède vaksen yo te sibi yon esè klinik rijid, transparan avèk pwosesis apwobasyon rijid epi yo te jwenn efikas >94% (plis pase 94%)

>94%
EFIKASITE

Espè medikal yo dakò toulède vaksen yo san danje epi efikas pou pwoteje w kont COVID-19.

Èske vaksen an ap ban mwen COVID-19?

Non. Vaksen an pa genyen anyen ladan li ki kapab fè w malad.

Vaksen COVID-19 lan se yon mRNA. Vaksen mRNA yo bay selil nou yon enstriksyon pou kreye pwoteyin inofansif yo jwenn deyò sou sifas viris la ki lakòz COVID-19 lan. Ogmantasyon pwoteyin sa a antrene sistèm iminitè nou pou vize viris la lè li parèt.




Èske vaksen an ap pwoteje mwen pou m pa malad avèk COVID-19?

Wi. Vaksen an kapab kenbe w san danje lè li prepare sistèm iminitè w pou rekonèt imedyatman epi konbat viris la ki lakòz COVID-19 lan anvan li pwopaje epi koze domaj.



Kilè mwen pral pwoteje?

Ou dwe resevwa **2 dòz** vaksen an 3 ak 4 semèn separe pou jwenn maksimòm pwoteksyon kont COVID-19. W ap jwenn pwoteksyon okonplè nan apeprè 2 semèn apre dezyèm dòz ou a.




Èske vaksen COVID-19 lan ap chanje ADN mwen?

Non. Vaksen mRNA COVID-19 yo pa kapab chanje ADN ou nan okenn fason.

Si mwen te genyen COVID-19 deja, èske mwen toujou bezwen pou mwen vaksinen?

Wi. Li enpòtan pou w toujou vaksinen pou pwoteksyon ki pi bon epi pou pi lontan.

Dapre CDC, "akòz genyen anpil riks sante grav ki asosye avèk COVID-19 epi akòz re-enfeksyon avèk COVID-19 posib, yo ta dwe ofri w vaksen an kèlkeswa wi ou non ou te genyen enfeksyon COVID-19 lan deja."



Èske mwen toujou bezwen mete mask?

Wi. Nou toujou bezwen pou pwoteje fanmi nou yo, zanmi ak kominote nou yo kont COVID-19 pandan lòt ap kontinye vaksinen: Mask, Distans Sosyal, Evite Foul Moun, Pratiye Bon Ijyèn Lave Men



Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 lan?

Men kèk sous ki fyab pou aprann plis:

- Sant Kontwòl pou Maladi (Center for Disease Control (CDC.gov))
- Depatman Sante ak Sèvis Imen Ozetazini (U.S. Department of Health & Human Services (HHS.gov))
- Òganizasyon Mondyal pou Lasante (World Health Organization (WHO.int))

SOUS

- www.cdc.gov/vaccinesafety/index.html
- www.cdc.gov/vaccines/vac-gen/evalwebs.htm
- info.primecaretech.com/hubfs/Infographics/Answers-to-Your-Covid-19-Vaccine-Questions.pdf
- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/mrna.html

